

**TINDAK TUTUR JANJI
ING DHUSUN KRAJAN, DESA AMPEL,
KECAMATAN WULUHAN, KABUPATEN JEMBER**

Nino Gusdyan Pradana, Drs. Surana, M.Hum.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya

nino_gusdyan@ymail.com

Abstrak

Tindak tutur janji kalebu tindak tutur komisif kang kerep ditindakake ing bebrayan. Tindak tutur janji ditindakake kanggo mahanani mitra tutur. Dene jinis tindak tutur janji ing Dhusun Krajan durung tau diteliti. Jinis kasebut diperang dadi loro yaiku lageyane lan pananggape mitra tutur. Rong perangan kasebut nduweni sesambungan karo sumber, struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Tujuwan panliten iki yaiku nemokake jinise tindak tutur janji ing Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan Kabupaten Jember. Jinis kasebut kasusun saka lageyane panutur lan pananggape mitra tutur.

Panliten tindak tutur janji iki dilebokake jinis etnografi amarga ngrembug basa kang nduweni sesambungan karo konteks sosial. Panliten iki asipat dialektif, deskriptif, lan sinkronis. Teori kang digunakake yaiku teori tindak tutur Levinson. Dhata panliten iki dijupuk dening panliti ing lapangan. Sumber dhatane asale saka cathetan lan rekaman warga Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember. Tatacara nglumpukake dhata kanthi metodhe semak. Tatacarane njlentrehake dhata kanthi metodhe kategoris lan deskriptif. Dene tata cara nyuguhake jlentrehan dhata kanthi metodhe informal.

Jinise tindak tutur janji ing Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember ana 4 jinis, yaiku lageyane panutur blaka langsung kang katampa dening mitra tutur, lageyane panutur blaka langsung kang katampik dening mitra tutur, lageyane panutur blaka langsung kang katagih dening mitra tutur, lan lageyane panutur ora blaka langsung kang katampa dening mitra tutur.

Tembung wigati: tindak tutur janji, Dhusun Krajan Desa Ampel Kecamatan Wuluhan Kabupaten Jember

PURWAKA

Landhesane Panliten

Janji ing bebrayan Jawa saiki bisa diarani wis dadi budaya. Bab kasebut dijalari amarga saking kerepe pawongan mocapake janji ing saben dinane. Janji miturut Pranowo (2001:352), yaiku saguh arep netepi kasaguhane. Janji sajrone teori tindak tutur kalebu ing tindak tutur komisif. Janji mujudake pocapan kang ngiket panutur kang mocapake. Pawongan kang wis mocapake janji kudu saguh netepi pocapane. Pawongan kang wis dijanjeni mesthi bakal ngenteni nganti janji kang wis dipocapake marang dheweke kalaksanan, yen janji kasebut ora ditetepi bakal ndadekake pawongan liyane kuciwa lan lara ati.

Unen-unen ngenani janji ing bebrayan Jawa wis ana wiwit biyen. Unen-unen kasebut kaya ta *ajining dhiri gumantung saka lathi, sabdane pandhita ratu datan kena wola-wali, lsp.* Unen-unen kasebut mujudake pepeling kanggo kabeh pawongan mligine bebrayan Jawa yen dadi wong aja waton mocap. Kabeh pocapan kang wis ditindakake kudu padha karo wiwitane, yen mocapake A kudu nindakake A ora kena sakarepe dhewe. Becike pawongan kang ora saguh nindakake janji kudune prasaja yen ora saguh supaya ora ndadekake cuwane liyan.

Saliyane ing unen-unen Jawa, janji uga dirembug sajrone piwulang agama. Salah sawijine agama

kang ngrembug babagan janji yaiku agama islam. Piwulang janji katulis sajrone kitab Al-qur'an surat Al-Isra' ayat 34 kang tegese janji kuwi kudu ditindakake jalaran bakal dijaluki tanggung jawab mbesuke. Pawongan kang nindakake janji kudu saguh nampa risiko kang diarani dosa yen ora nindakake janjine. Mula pawongan kang arep nindakake janji mesthi bakal wedi yen ora nindakake janjine. Saka andharan kasebut bisa didudut yen agama kalebu bab kang wigati sajrone janji.

Tindak tutur janji (sabanjure TTJ) mujudake tindak tutur kang ditindakake dening maneka warna golongan bebrayan. Golongan bebrayan saka umur tuwa, enom, lanang, wadon, sugih lan asor mesthi tau nindakake TTJ. TTJ lumrahe ditindakake jalaran anane sumber kang ndadekake pawongan kasebut nindakake TTJ. TTJ ing bebrayan lumrahe diwujudake kanthi nggunakake pocapan (verbal).

Tata carane pawongan medharake TTJ ana maneka warna. Ana kang nindakake TTJ kanthi cara blaka lan ana uga kang nindakake TTJ kanthi cara ora blaka. TTJ bisa ditandhani kanthi tembung tandang kaya ta *takgawakake, taktukokake, takparani, lsp.* Saliyane tembung tandang, janji uga ditandhani kanthi tembung pasurujukan kaya ta *iya, yawis, inggih, insya Allah.* TTJ kang diwedharake kanthi blaka dititiki saka tembung kang digunakake yaiku tembung tandang. TTJ blaka lumrahe nggunakake ukara sananta. TTJ kang

diwedharake kanthi ora blaka yaiku janji kang sajrone pocapane nggunakake tembung utawa ukara saliyané cara blaka, nanging nduweni maksud janji.

Tata cara medharake tindak tutur janji bakal disambungake karo struktur sosial. Austin (sajrone Ibrahim, 1993:129) ngandharake yen tindak tutur ditindakake adhedhasar kekarepane dhewe lan nuduhake kalungguhan panutur ing klompok tartamtu. Adhedhasar andharane Austin, struktur sosial menèhi daya pangaribawa tumrap tindak tutur. Struktur sosial sajrone panliten iki ana maneka warna tataran kaya ta wong lanang, wadon, sugih, asor, tuwa, enom, patuh agama lan ora patuh agama. Leech (1983:199) ngandharake yen kalungguhan asimètrik yaiku panutur sing nduweni kalungguhan luwih dhuwur lan kuwasa bisa nggunakake wujud celukan kang akrab. Saka andharane Leech bisa didudut yen wong kang status sosialé luwih dhuwur bisa wae bakal nindakake TTJ kanthi cara kang luwih mardika marang wong kang status sosialé luwih asor.

Saliyané struktur sosial TTJ bakal disambungake karo relasi sosial. Searle (sajrone Mulyana, 2005:24) ngandharake yen konteks sosial yaiku relasi sosio-kultural sing njangkepi sesambungan panutur karo mitra tutur nalika cecaturan. Relasi sosial yaiku sesambungan antarane pawongan siji karo pawongan liyané kaya dene raket lan ora raket. Saka andharan kasebut bisa didudut yen janji bisa ditindakake dening pawongan kang nduweni relasi raket lan ora raket.

Saka andharan ing ndhuwur mula dipilih teori tindak tutur kang bisa nggabungake antarane panemune Austin lan Searle yaiku teori tindak tutur Levinson. Levinson (sajrone chaer, 2010:64) ngandharake yen tindak tutur lan kasantunan ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural kang diperang dadi telu (1) jarak sosial, (2) status sosial panutur lan mitra tutur, (3) tindak tutur utawa bobot *imposisi*. Saka andharan kasebut bisa didudut yen relasi lan struktur sosial mujudake perangan kang wigati sajrone tindak tutur. Mula, panliti nggunakake teori Levinson jalaran dirasa paling trep kanggo panliten.

Panliten ngenani TTJ mujudake panliten kang narik kawigatene panliti. Bab kasebut didhasari jalaran urung ana buku-buku kang ngandharake ngenani jinise ukara-ukara janji. Saakehe buku mung ngandharake ngenani ukara-ukara pakon, ukara carita, ukara sambawa, ukara pitakon, lsp. Kaya ta buku *Karti Basa* (Kementrian Pengadjaran Pendidikan dan Keboedajaan, 1946), *Paramasastra Jawa* (Padmosoekotjo, 1987), *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa* (Sasangka, 2001), *Paramasastra* (Antunsuhono, 1956) mung ngandharake ngenani ukara-ukara adhedhasar surasane nanging ora ngandharake ukara janji. Adhedhasar alasan kasebut ndadekake panliti nindakake panliten iki. Panliten iki kudu ditindakake supaya bisa dingerteni jinise-ukara janji.

Panliten ngenani TTJ sadurunge wis tau ditindakake. Panliten kasebut nduweni irah-irahan “Pola Tindak Tutur Komisif Berjanji Bahasa Jawa” kang ditindakake dening Paina Partana (2010). Tindak tutur kasebut isine ngenani pola janji kang ditemokake antarane panutur lan mitra tutur nggunakake basa Jawa.

Pambédane panliten kang bakal ditindakake karo panliten kang wis ditindakake yaiku papan panggonan lan masyarakat kang kapilih. Papan kang pinilih yaiku Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, kabupaten Jember. Anane papan kang béda lan masyarakat kang béda bisa wae ndadekake cara anggane medharake TTJ béda-béda. Kaping pindho, panliten iki bakal nyambungake TTJ karo konteks sosial. Adhedhasar pambédane kasebut mula panliti kapitut kanggo nindakake panliten TTJ.

Panliten TTJ bakal diandharake kanthi nggunakake metodhe etnografi komunikasi. Panliten iki bakal nggunakake teori tindak tutur Levinson. Saka teori kang pinilih diajab supaya bisa nintingi panliten kanthi irah-irahan “Tindak Tutur Janji ing Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember” Saka andharan ing ndhuwur ndadekake perangan punjere panliten TTJ kang bakal ditindakake.

Punjere panliten

Punjere panliten iki yaiku jinise tindak tutur janji. Saka punjer kasebut bisa diprinci kanthi pitakonan ing ngisor iki.

- 1.2.1 Apa wae jinis lageyané panutur sajrone TTJ ing masyarakat Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember?
- 1.2.2 Apa wae jinis pananggape mitra tutur sajrone TTJ ing masyarakat Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember?

Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten ing dhuwur, panliti nduweni ancas kaya ing ngisor iki.

- 1.2.1 Nemokake jinis lageyané panutur sajrone TTJ ing masyarakat Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember.
- 1.2.2 Nemokake jinis pananggape mitra tutur sajrone TTJ ing masyarakat dhusun Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember.

Paedah Panliten

Paedahe panliten iki diperang dadi paedah teoretis lan paedah praktis kaya kang kaandharake ing ngisor iki.

1.2.1 Paedah Teoretis

Panliten iki dikarepake bisa nyengkuyung ilmu kang nduweni sesambungane karo ilmu linguistik mligine ilmu Pragmatik ngenani tindak tutur.

1.2.2 Paedah Praktis

Panliten iki dikarepake bisa nambahi kawruh para siswa-siswa ngenani wulangan wicara ing sekolah. Saliyané iku panliten iki dikarepake menèhi kawruh pamaca supaya nindakake TTJ kanthi cara kang bener. Paedah kang pungkasan yaiku panliten iki dikarepake bisa menèhi pamawas pamaca nalika dadi mitra tutur supaya bisa ngerti maksud kang dikarepake panutur mligine masyarakat Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember.

Watesane Panliten

Supaya panliten iki ora uwal lan adoh saka panjlentrehan, mula panliten iki bakal diwatesi. Watesan kaping pisan yaiku ngenani basa. Basa sajrone panliten iki yaiku basa kang dadi pakulinane masyarakat dhusun Krajan, desa Ampel, kecamatan Wuluhan, kabupaten Jember. Basa kang kerep digunakake yaiku basa ngoko padinan. Watesan kaping pindhho yaiku ngenani papan panggonane. Papan panggonan panliten iki yaiku dhusun Krajan, desa Ampel, kecamatan Wuluhan, kabupaten Jember. Watesan kaping telu yaiku asil cecaturane panutur lan mitra tutur (aspiat dialog). Pungkasan yaiku ngenani konteks kang diperang dadi telu yaiku struktur sosial (umur, jinis kelamin, status ekonomi, lan kapitayan), relasi sosial (sesambungan kang raket lan ora raket), lan kahanan sosial (ora resmi).

Panjlentrehan Tetembungan

Tembung-tembung kang digunakake sajrone panliten iki bakal diandharake ing ngisor iki.

1.6.1 Tindak Tutur Janji

Tindak tutur janji yaiku tindak tutur kang nduweni fungsi komisif. Janji (*Promises*) yaiku tindak kang majibake pawongane dhewe, (Ibrahim, 1993:34).

1.6.2 Dhusun Krajan Desa Ampel Kecamatan Wuluhan Kabupaten Jember

Dhusun Krajan yaiku salah sawijine dhusun kang ana ing desa Ampel, kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember. Dhusun Krajan salah sawijine dhusun kang masyarakatate isih nggunakake basa Jawa. Dhusun Krajan kalebu dhusun kang padhet pendhudhuke yaiku nganti limang ewu jiwa lan pakaryane akeh-akehe tani.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Ing bab iki diandharake (1) panliten tindak tutur lan tindak tutur janji, (2) konsep, (3) teori kang digunakake ing panliten iki.

Panliten Tindak Tutur lan Tindak Tutur Janji

Panliten ngenani tindak tutur lan tindak tutur komisif wis tau ditindakake sadurunge. Salah sawijine yaiku panlitene Setyawan (2012) kanthi irah-irahan “*Tindak Tutur Ngongkon*”. Panliten iki ngandharake wujud tindak tutur ngongkon lan sesambungane struktur sosial lan relasi sosial kanthi undha usuke basa kang trep.

Panliten tindak tutur uga wis tau ditindakake dening Sholihah (2013) kanthi irah-irahan “*Tindak Tutur Ngabari ing Desa Jurug, Kecamatan Soko, Kabupaten Ponorogo*”. Asil panliten iki ngandharake wujud tindak tutur ngabari adhedhasar lageyane lan pananggape mitra tutur.

Panliten sabanjure yaiku panliten kang ditindakake dening Wijoyanto (2014) kanthi irah-irahan “*Tindak Tutur Atur Panuwun ing Desa Dermasari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek*”. Asile panliten iki yaiku ngandharake wujud tindak tutur atur panuwun

adhedhasar lageyane lan pananggape mitra tutur. Panliten kang pungkasan yaiku panliten kang ditindakake dening Paina Partana (2010) kanthi irah-irahan “*Pola Tindak Tutur Komisif Berjanji Bahasa Jawa*”. Panliten kasebut ngandharake ngenani pola-pola linguistic tindak tutur komisif janji basa Jawa. Saliyane iku uga ngandharake yen latar belakang sosial nduweni daya pangaribawa tumrap kasantunan panutur. Nanging, panliten kang bakal ditindakake iki beda karo panliten sadurunge. Panliten iki bakal munjerake jinise TTJ adhedhasar lageyane panutur lan pananggape mitra tutur. Rong punjer kasebut banjur disambungake karo konteks (struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial). TTJ nduweni perangan kang beda yaiku kanthi anane sumber TTJ kang ora kabeh diduweni jinis tindak tutur lan menehi daya pangaribawa tumrap lageyane panutur. Saliyane bab kasebut papan panggonan kang dipilih beda karo panliten sadurunge. Saka alasan kasebut kang ndadekake panliti kapitut kanggo nindakake panliten.

Konsepe ing Panliten Iki

Ing konsep bakal diandharake (1) TTJ minangka tindak tutur komisif, (2) Teges lan titikane TTJ, (3) Sumbere TTJ, (4) Jinis tindak tutur janji adhedhasar paraga tutur, (5) wujud ukara tindak tutur janji, lan (6) Konteks ing TTJ.

Janji minangka Tindak Tutur Komisif

Janji yaiku pocapan kang nduweni karep menehi kesaguhan nglakoni tumindak (Pranowo, 2001:352). Tindak tutur yaiku apa kang dipocakae manungsa kang nduweni wujud basa. Tindak tutur janji yaiku tumindak kang dilakoni panutur yen dheweke saguh nglakoni tumindak lan uga supaya ndadekake mitra tutur luwih percaya marang panutur. Searle (sajrone Nadar 2009:14) ngandharake yen sajrone pragmatik ana telung wujud tindak tutur kang diwujudake dening pantur yaiku lokusi, ilokusi, lan perlokusi. Ilokusi diperang dadi lima yaiku representative, direktif, komisif, ekspresif, lan deklaratif (Searle sajrone Nadar 2009:16). Searle (sajrone Rahardi 2003:73) uga ngandharake yen tindak tutur komisif yaiku wujud tutur kang nduweni fungsi kanggo nyatakake janji (*promising*), nawakake (*offering*), lan sumpah (*vowing*). Andharane kasebut uga disengkuyung karo andharane Ibrahim (1993:34) kang ngandharake yen tindak tutur komisif kalebu tindak ilokusi kang isine ngenani janji (*promises*) lan nawakake (*offer*). Janji (*Promises*) tindak kang majibake pawongane dhewe (kang nglakoni tumindak). Dene nawakake (*offer*) ngusulake supaya majibake pawongan (liyane).

Miturut Ibrahim (1993:35) sajrone mocapake janji, Pt (panutur) janji marang MT (mitra tutur) yen bakal nglakoni A (tumindak) yen Pt *mengekspresikan*:

- (1) kapercayan yen apa kang wis dipocapake dheweke kudu dilakoni utawa kudu nglakoni A,
- (2) maksud supaya nglakoni A,
- (3) maksud yen Mt percaya yen pocapane Pt majibake Pt supaya nglakoni A lan Pt nduweni maksud supaya nglakoni A.

Saka andharan ing ndhuwur bisa didudut yen TTJ kalebu tindak tutur kang fungsine kalebu tindak tutur komisif.

Teges lan Titikane Tindak Tutur Janji

Janji miturut Pranowo (2001:352) yaiku saguh arep netepi kasaguhane. Janji (*Promises*) miturut Ibrahim (1993:34) yaiku tindak kang majibake pawongane dhewe (kang nglakoni tumindak). Saka panemu kang wis disebutake bisa didudut yen tindak tutur janji yaiku tindak tutur komisif kang majibake pawongan dhewe utawa panutur.

Tindak tutur janji salah sawijine tindak tutur kang nduweni kaluwihan mahanani tumrap pawongan kang dijanjeni. Janji ditindakake marang wong liya amarga pawongan kang nindakake janji nduweni kekarepan lan kasaguhan bakal nglakoni samubarang kang sipate disenengi mitra tutur. Tindak ilokusi ditindakake kanthi pocapan, lan kasusun saka tindak (*bertaruh*, janji, nampik, lan mesen) (Ibrahim, 1993:115). Saka andharan kasebut bisa didudut yen TTJ kalebu tindak tutur kang asipat verbal. Dadi TTJ ditindakake mesthi kanthi nggunakake basa.

TTJ asipat ngrugekake panutur lan nguntungake mitra tutur. Bab kasebut dijalari anane sumber, sumber kasebut asale saka mitra tutur. Sumber kasebut awujud panjaluk kang arupa panjaluk barang lan panjaluk tumindak. Panutur minangka pawongan kang mocapake janji kena *konsekuensi* nindakake pocapane.

Titikane TTJ yaiku anane verba performatif “aku janji” (Ibrahim, 1993:296). TTJ uga bisa ditandhani kanthi tembung “iya”, “inggih”, “tenan”, “insyaAllah”. Panandha kasebut dumadi jalaran didhisiki panjaluk kang ngandut verba performatif. Saliyane wujud tembung TTJ uga bisa awujud ukara kaya ta “iya sesuk dakgawakake”. Saliyane awujud ukara TTJ uga bisa dititiki saka surasane. Janji nengenake kasaguhan kang dilandhesi karo niat (grenjet), mula janji kang nduweni surasa grenjet kalebu ing janji kang maksude diwedharake kanthi blaka.

Pambeda antarane TTJ karo tindak tutur liyane yaiku mitra tutur nduweni hak kanggo nagih janji kang wis ditindakake panutur. Nalika mitra tutur nagih marang panutur wis bisa didudut yen sadurunge panutur wis nglakoni TTJ nanging ora dilaksanakake. Panutur kang ora netepi janji nalika ditagih bakal janji maneh marang mitra tutur (nyemayani). Saliyane iku TTJ kang ditanggapi tanpa pocapan utawa tanpa wangsulan bisa ditegesi nampa. Bab kasebut dijalari sumbere janji saka mitra tutur.

Sumbere Tindak Tutur Janji

TTJ kerep ditindakake dening pawongan jalaran anane sumber. Sumber TTJ kasebut asale saka mitra tutur. Sumber kasebut yaiku arupa panjaluk. Panjaluk kasebut ditujokake marang panutur supaya nindakake apa kang dikarepake mitra tutur. Santoso (1999:10) ngandharake yen sajrone proses sosial ana norma-norma kang tuwuh asipat *verbal* lan *nonverbal*. Proses sosial verbal yaiku proses sosial kang nggunakake basa minangka sarana kang utama. Proses sosial *nonverbal* yaiku proses sosial

kang ora nggunakake basa, nanging tumindak minangka sarana kang utama. TTJ mujudake tindak tutur kang sumbere didhasari saka proses sosial verbal yaiku pocapan. Sumber awujud pocapan kasebut arupa panjaluk barang lan panjaluk tumindak.

Jinise Tindak Tutur Janji Adhedhasar Paraga Tutur

Ing Jinise tindak tutur janji adhedhasar paraga tutur diandharake (1) Jinis lageyane panutur sajrone tindak tutur janji, lan (2) jinis pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur janji.

Jinis Lageyane Panutur sajrone Tindak Tutur Janji

Panutur sajrone nindakake TTJ nduwe cara dhewe-dhewe. Panutur minangka pangucap nduweni kamardikan medharake maksude. Salah sawijine yaiku medharake maksud kanthi blaka. Djajasudarma (1994:65) ngandharake yen tatacara blaka nuduhake guna sajrone kahanan (tumindak) langsung lan literal (jumbuh karo kanyatan). Cara iki diperang dadi loro yaiku kanthi strategi kesantunan positif lan kesantunan negatif. Strategi kesantunan positif ngener ing pepenginanane manungsa nalika nindakake samubarang ditampa apik, nyenengake lan pantes diregani (Chaer, 2010:11). Maksud blaka yaiku apa anane tanpa nduweni maksud kang sumirat utawa anane maksud kang disingidake.

Brown lan Levinson (sajrone Nadar, 2009:38), ngandharake yen panutur milih medharake maksud kanthi blaka amarga 6 alasan yaiku (1) panutur oleh panyengkuyung kanggo awake saka wong liya, (2) panutur oleh kapercayan ngenani sipat jujure kanthi nuduhake yen dheweke percaya marang mitra tuture, (3) panutur oleh kapercayan amarga blaka, (4) ngedohi panyana ala, (5) ngedohi salah panampa, (6) panutur bisa ndandani maneh bab kang wis dirusak jalaran tumindak kang bisa ndadekake wirang.

Cara medharake maksud sabanjure yaiku kanthi ora blaka. Maksud ora blaka yaiku medharake maksud kanthi sumirat utawa disingidake. Saliyane cara medharake uga ana cara kang digunakake panutur. Cara kasebut yaiku langsung lan ora langsung. Cara langsung yaiku tindak tutur kang dipocapake kanthi cara langsung marang mitra tutur. Dadi panutur lan mitra tutur langsung sesambungan tanpa anane wong katelu. Dene tindak tutur ora langsung yaiku tindak tutur kang dipocapake kanthi cara ora langsung marang mitra tutur. Panutur ora langsung mocap marang mitra tuture, nanging nganggo wong katelu minangka dadi sesulih.

Jinis Pananggape Mitra Tutur sajrone Tindak Tutur Janji

Wong kang nindakake TTJ mesthi nduweni tujuwan supaya TTJ kuwi ditanggapi. Sumarsono (2013:101) ngandharake yen panutur sarujuk lan mbenerake panemune mitratutur lumrahe sirahe panutur manthuk-manthuk. Dene panutur kang nampik bakal nggedhegake sirahe. Pananggape mitratutur sajrone TTJ diperang dadi telu yaiku “katampa”, “katampik”, lan “katagih”. TTJ kang katampa dening mitra tutur lumrahe nggunakake tembung iya, inggih, iyawis. Ibrahim (1993:34) ora anane tanggapan kanthi eksplisit bisa

diarani nampa. Mula saka kuwi senajan mitra tutur ora mocap bisa diarani nampa. TTJ kang katampik lumrahe dititiki kanthi tembung 'ora'. Dene TTJ kang kagatih ditindakake mitra tutur jalaran janji kang dipocapake panutur ora ditindakake. Lumrahe janji kang ora ditetepi utawa ditindakake bakal ditagih dening pawongan kang dijanjeni.

Wujude Ukara Tindak Tutur Janji

Ing subbab iki bakal diandharake jinise ukara kang digunakake sajrone TTJ. Sasuwene iki durung ana kang ngandharake jinise ukara kang digunakake sajrone TTJ.

1. Ukara Carita

Ukara carita utawa ukara pawarta yaiku ukara kang isine nyritakake utawa ngandhakake sawijine bab, kedadeyan, utawa sawijine kahanan marang wong liya (sasangka, 2011:198). Dene miturut Antunsuhono (1953:127) ukara carita iku ukara wedhare gagasane manungsa, tumuju marang wong kang dijak guneman, supaya mangerteni apa wae kang diwedharake, magepokan awake dhewe utawa wong liya, nyritakake kedadeyan kang mentas rinungu, dideleng, rinasa, menehi wawasan, pitutur, nerokake gunem lsp.

2. Ukara Tandang

Ukara tandang yaiku ukara kang andharane darbe surasa sumedya kareben kelakon, karepe jejerling ukara nganggep perlu panindak ing pakaryan, tumrap ing liyan. Ukara tandang kawahyakake kanthi tembung kriya tanggap kang arimbag wantah kawuwuhan ater-ater {dak-} utawa {tak} lan kawuwuhan panambang {-e} dadine diarani rimbag tandang wantah. Mungguh tembung tanggap i-kriya dadi {-ane} dadine diarani rimbag tandang i-kriya, kang sarta tembung tanggap ke-kriya dadi {-ne} dadine diarani rimbag tandang ke-kriya. Tuladhane ukara tandang "*buku kuwi dakjupuke*" (Subagyo, 2009:211).

Konteks ing Tindak Tutur Janji

Konteks nduweni perangan teges, ing antarane bisa ditegesi minangka aspek-aspek kang gayut karo papan fisik lan sosial sajrone tuturan. Konteks uga ditegesi minangka kawruh ngenani latar belakang kang diduweni panutur lan mitratutur kang nggampangake mitratutur nafsirake tuturan (Leech, 1993:20). Konteks nduweni kalungguhan sajrone teori tindak tutur yaiku wawasan kang ndasari wujude tindak tutur. Saliyane iku uga minangka sawijine wujud lingkungan sosial ing ngendi tuturan iku bisa diasilake mujudake realisasi aturan-aturan, kang ngiket.

Searle (sajrone Schiffirin, 2007:561) ngandharake yen kanggo nyuguhake sawijine kagiyatan tanpa nggunakake ungkapan eksplisit minangka alat, mula konteks lan tuturan kudu cetha saengga kaanan kang wigati iku bisa kaleksanan. Parera (1990:120) njlentrehake yen konteks iku sawijine kahanan sing dumadi saka anane setting, kagiyatan, lan relasi. Yen dumadi interaksi antarane telung perangan kuwi mula bakal mujudake konteks. Setting yaiku kahanan, papan,

lan wektu. Dene kahanan sosial diperang dadi loro yaiku kahanan sosial resmi lan ora resmi. Relasi sosial yaiku sesambungan antarane panutur kaliyan mitratutur.

Konteks sajrone tindak tutur janji iki diperang dadi telu yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Bab kang kalebu struktur sosial yaiku umur, jinis kelamin, status ekonomi sosial, lan kapitayan utawa agama. Dene kang kalebu ing relasi sosial yaiku sesambungan kang raket lan ora raket. Dene kahanan sosial diperang dadi loro yaiku resmi lan ora resmi. Kahanan sosial kang digunakake sajrone TTJ iki yaiku mung kahanan ora resmi. Bab kasebut dijalari akeh-akehe bebrayan nindakake TTJ mung sajrone kaanan kasebut.

Teori ing Panliten Iki

Teori kang digunakake ing panliten iki yaiku teori tindak tutur. Teori tindak tutur sing kawitan yaiku teorine Austin (sajrone Nababan, 1987:18) kang merang tindak tutur adhedhasar isine tuturan dadi lokusi, ilokusi, lan perlokusi. Austin (sajrone Ibrahim, 1993:129) ngandharake yen tindak tutur ditindakake adhedhasar kekarepane dhewe lan nuduhake kalungguhan panutur ing klompok tartamtu. Austin nduweni panemu yen bab kang wigati sajrone tindak tutur yaiku struktur sosial. Nanging teori kasebut dibantah dening Searle, Searle (sajrone Mulyana, 2005:24) ngandharake yen konteks sosial yaiku relasi sosio-kultural sing njangkepi sesambungan panutur karo mitra tutur nalika cecaturan. Searle nduweni panemu yen relasi sosial mujudake bab kang wigati sajrone tindak tutur lan struktur sosial mujudake bab sajrone relasi sosial. Banjur tuwuh teorine Levinson (sajrone chaer, 2010:64) ngandharake yen tindak tutur lan kasantunan ditemtokake kanthi cara kontekstual, sosial, lan kultural kang diperang dadi telu (1) jarak sosial, (2) status sosial panutur lan mitra tutur, (3) tindak tutur utawa bobot *imposisi*. Jarak sosial yaiku adoh lan cedhake panutur marang mitra tutur. Dene status sosial yaiku dhuwur utawa cendhake pangkat antarane panutur lan mitra tutur. Status sosial antarane panutur lan mitra tutur didhasari saka kalungguhan luwih dhuwur lan kuwasa bisa nggunakake wujud celukan kang akrab. Dene mitra tutur anggone nanggapi panutur mawa wujud celukan kang kurmat. Status sosial luwih nengenake sapa kang luwih kuwasa antarane panutur lan mitra tutur. Dene *skala* tindak tutur siji karo sijine, tegese ana tindak tutur sajrone kabudayan tartamtu kang dianggep sopan nanging ing kabudayan sijine ora sopan. Saka andharan kasebut panliti nggunakake teorine Levinson kang dirasa luwih cocog kanggo nindakake panliten iki kang nyambungake tindak tutur karo konteks sosial (struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial).

TATA CARANE PANLITEN

Ing bab iki bakal diandharake ngenani (1) titikane panliten, (2) ubarampe panliten, lan (3) tata carane panliten.

Titikane Panliten

Titikane panliten iki diperang dadi loro yaiku (1) jinise panliten lan (2) sipate panliten.

Jinise Panliten

Panliten iki kalebu jinis Etnografis. Dell Hymes (sajrone Ibrahim, 1994:v) ngandharake yen etnografi komunikasi yaiku salah sawijine metodhe kanggo nganalisis panganggane basa lan dhialek sajrone budaya tartamtu kang nyinaoni tindak tutur sajrone kadadeyan tutur lan munjerake konteks. Bab kang disinaoni Etnografi komunikasi yaiku pola-pola tumindak komunikasi kang bisa diamati lan direkam (Ibrahim, 1993:205). Semono uga panliten iki bakal njlentrehake pola-pola lan tatarane TTJ kang disambungake karo konteks.

Sipate Panliten

Panliten jinis etnografi nduweni sipat-sipat kang mligi. Mitutur Titscher (2009:152) kang ditengenake ing jinis panliten etnografi yaiku nalika panliti nglumpukake dhata. Jlentrehan dhata mung kanggo guna tambahan njlentrehake lapuran observasi. Panglumpuke dhata lan jlentrehan dhata nduweni sesambungan dialektif. Miturut Hamersley lan Atkinson (sajrone Titscher, 2009:152) tegese sesambungan dialektif yaiku jlentrehan dhata dudu sawijine perangan kang kapisah karo panglumpuke dhata sajrone panliten. Panliten etnografis munjerake konteks kanggo njlentrehake dhata. Panliten iki uga asipat deskriptif yaiku ngandharake basa kanthi wujud ukara. Basa ing panliten iki didulu kanthi sinkronis yaiku basa kang nalika kuwi ditemokake.

Ubarampe Panliten

Subbab iki ngandharake ngenani ubarampe panliten. Ubarampe panliten iki yaiku (1) Dhata lan sumbere dhata, (2) Instrumen panliten, lan (3) Lokasi panliten.

Dhata lan Sumbere Dhata


Dhata panliten iki awujud ukara-ukara TTJ kang wis kasil kacathet sawise nyemak lan ngrekam warga Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember. Ukara-ukara kang kacathet uga sinartan konteks sosial. Sumbere dhata ing panliten iki asale saka rekaman alamiah warga lan cathetan-cathetan ngenani TTJ warga Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten iki yaiku instrumen utama lan istrumen panyengkuyung. Panliti ing panliten iki minangka instrumen utama. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, nganalisis dhata, lan nulis panliten iki. Mula saka kuwi panliti dadi instrumen utama sajrone panliten etnografi komunikasi. Panliti bisa mbiji sawijine kahanan lan nduwe kuwasa nemtokake samubarang. Instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud piranti utawa alat kang bisa nyengkuyung nglumpuke dhata. Piranti kasebut awujud cathetan lan piranti ngrekam. Dene subjek kang dinggo sajrone panliten iki yaiku pawongan kang nindakake TTJ ing Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember.

Lokasi Panliten

Papan panggonan (lokasi panliten) kang dinggo panliten yaiku Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember. Pinilihe masyarakat kasebut dadi objek panliten TTJ amarga panliti minangka panutur lan warga asli papan kasebut. Kanthi dhasar ing ndhuwur panliti luwih ngerti konteks sosial ing masyarakat kuwi. Masyarakat ing papan kasebut nggunakake basa Jawa kanggo cecaturan padinan. Masyarakat Dhusun Krajan dumadi saka saperangan golongan wiwit saka golonga wong sugih, wong mlarat, wong enom, wong tuwa, bocah, wong kang nduwe sesambungan paseduluran, kekancan nganti tangga kang cedhak lan ora cedhak, raket lan ora raket. Dhusun Krajan kasusun saka 7 RW. RW 1 kasusun saka 188 KK, RW 2 kasusun saka 168 KK, RW 3 kasusun saka 180 KK, RW 4 kasusun saka 190 KK, RW 5 kasusun saka 250 KK, RW 6 kasusun saka 210 KK, RW 7 kasusun saka 135 KK. Jumlah warga desa Dhusun Krajan yaiku 5111 wong. Jumlah warga lanang yaiku 2676 lan jumlah warga wadon yaiku 2435. Pakaryane warga Dhusun Krajan kasusun saka 26 PNS, 3 Polri, 3 TNI, 4 Bidan, 2 Dokter, 57 Pensiunan, sisane dadi wiraswasta lan mayoritas dadi petani. Panliten iki mung nggunakake sampel sangisore 5% saka jumlah populasi.



Gambar 1 Peta Dhusun Krajan

Tata Carane Panliten

Isine tatarane panliten iki ana telu yaiku (1) tata carane nglumpukake dhata, (2) tata carane njlentrehake dhata, lan (3) tata carane nyuguhake asil dhata.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara kang digunakake nglumpukake dhata ing panliten iki yaiku nggunakake metodhe semak lan metodhe guneman (sudaryanto, 1986:62 lan 1988:2-9). Diarani metodhe semak awit cara kang digunakake kanggo ngolehake dhata yaiku kanthi cara nyemak pawongan kang nggunakake basa (Mahsun, 2005:92).

Metodhe nyemak bisa dileksanakake kanthi limang teknik yaiku teknik sadhap, teknik simak libat cakap, teknik simak bebas libat cakap, teknik rekam, lan teknik catat. Teknik-teknik sajrone metodhe nyemak iki kang bakal digunakake panliti kanggo golek dhata tindak tutur janji warga Dhusun Krajan.

Teknik sadhap ing kene nduweni teges yen panliti kanggo ngolehake dhata kanthi cara nyadap (ndelik-ndelik) wong kang nggunakake basa. Cara iki

dilakoni kanthi cara ndelik-ndelik nalika ana panutur kang arep nindakake TTJ. Teknik semak melu guneman nduweni karep yen panliti melu guneman lan nyemak. Melu ing kene ateges panliti melu omong sajrone cecaturan sinambi nyemak cecaturan kuwi. Dene teknik semak tanpa melu guneman nduweni teges yen panliti mung nyawang.

Sinambi nyemak tanpa melu omong-omongan. Teknik sabanjure yaiku teknik cathet, tegese nyathet sakabehe wedharan nganggo piranti tulis banjur ditulis nggunakake lambang basa utawa aksara. Teknik kang pungkasan yaiku teknik rekam, tegese yaiku ngrekam wedharan nganggo piranti rekam lan ora ngowahi proses tumindak basa.

Dhata-dhata kang wis diklumpukake banjur divalidasi. Validasi dhata kang wis diklumpukake kanthi nggunakake informan. Informan kang pinilih yaiku Suma'ati, S.Pd lair taun 1968 alamate Dhusun Krajan RT/RW 004/002 Desa Ampel. Ibu Suma'ati pinilih jalaran panjenengane warga asli Dhusun Krajan kang dirasa ngerti bab basa padinan masyarakat Dhusun Krajan.

Panganggone metodhe lan teknik-teknik ing ndhuwur dilarasake karo kahanane subjek panliten. Dhata kang dibutuhake ing panliten iki wujud lisan. Sawise kasil nglumpukake dhata banjur dhata kapilah-pilah miturut konteke. Pamilahe dhata ing kene yaiku adhedhasar struktur sosial, relasi sosial lan kahanan sosial. Adhedhasar struktur sosiale dhata digolongake adhedhasar umur, jinis kelamin lan status ekonmoni sosial, lan kapatuhan marang agama.

Tata Cara Njlentrehake Dhata

Sawise dhata kang dikarepake wis nglumpuk, banjur dhata kuwi diolah kanthi metodhe kategoris lan metodhe deskriptif. Metode kategoris yaiku njlentrehake dhata kanthi nemokake kategori lan tipe-tipe pocapan. Kategori-kategori pocapan saben basa nduweni guna kang beda, lan akeh-akeh diwatesi ing kahanan tartamtu, utawa nyangkutake watesan-watesan marang sapa kang ngandharake, utawa ing topik apa nalika pocapan diwedharake (Ibrahim, 1994:44). Metodhe deskriptif ing kene tegese yaiku tata cara njlentrehake dhata kanthi nggunakake tembung, dudu angka kang bisa menehi katrangan subjek panliten (Azwar, 1998:126). Metodhe kang wis disebutake minangka metodhe kang dinggo panliti njlentrehake dhata.

Saka perangan struktur sosial umur kaperang dadi loro yaiku umur enom (UE), lan umur tua (UT). Saka perangan struktur sosial jinis kelamin kaperang dadi loro yaiku jinis kelamin lanang (JKL), lan jinis kelamin wadon (JKW). Saka perangan struktur sosial status ekonomi kaperang dadi telu yaiku status ekonomi cendhak (SESA) lan status ekonomi sosial sedhengan (SESS). Saka struktur sosial agama diperang dadi loro yaiku patuh agama (PA) lan ora patuh agama (OPA). Dene saka relasi sosial diperang dadi loro yaiku raket (RR) lan ora raket (OR). Dene tandha kang digunakake yaiku (1/ ,2-, 3 :) tandha 1 minangka tandha kanggo matesi antarane panutur lan mitra tutur lan tandha 2 minangka tandha kanggo matesi struktur sosial lan relasi

sosial. Dene tandha 3 kanggo nuduhake kahanan sosial.

Tata Cara Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Dhata-dhata kang wis diklumpukake banjur disuguhake. Dhata-dhata kasebut disuguhake kanthi metodhe informal. Metodhe informal yaiku ngandharake kanthi nggunakake basa (sudaryanto, 1993:144). Asil jlentrehan dhata awujud laporan ngenani jinis-jinis TTJ ing masyarakat Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember adhedhasar lageyane panutur lan pananggepe mitra tutur kanthi landhesan konteks. Dhata kang wis digolongake marang jinis TTJ lan wis dijlentrehake banjur disuguhake kanthi jangkep antarane teks lan konteks. Bab kang kalebu konteks yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan kahanan sosial. Dene teks arupa wedharan tindak tutur janji utawa tumindak cecaturan antarane panutur lan mitra tutur.

JLENTREHAN DHATA LAN ASIL DHISKUSI PANLITEN

Isi bab IV iki yaiku (1) andharan dhata, (2) jlentrehan dhata, (3) asil panliten lan (4) dhiskusi panliten. Andharan lan jlentrehan dhata didadekake sasubbab. Dene asil panliten lan dhiskusi panliten uga didadekake sasubbab.

Andharan lan Jlentrehan Dhata

Dhata-dhata kang wis diklumpukake banjur diandharake lan dijlentrehake adhedhasar jinis. Jinise TTJ diperang dadi loro yaiku lageyane panutur TTJ lan pananggepe mitratutur TTJ. Lageyane panutur diperang dadi patang jinis. Dene pananggepe mitratutur diperang dadi telung jinis.

Jinis Lageyane Panutur sajrone Tindak Tutur Janji

Ing subbab iki diandharake jinis lageyane panutur TTJ. Jinis lageyane panutur TTJ kena daya pangaribawa saka sumber. Sumber kasebut yaiku pocapan kang wujud panjaluk saka mitra tutur. Panjaluk kasebut bisa arupa panjaluk barang lan panjaluk tumindak. Jinis lageyane panutur TTJ diperang dadi loro yaiku cara medharake lan cara kang digunakake. Cara medharake maksud diperang dadi loro yaiku blaka lan ora blaka. Dene tata cara kang digunakake diperang dadi loro yaiku langsung lan ora langsung. Jinis kasebut banjur ditempukake karo struktur sosial kang kasusun saka umur tuwa lan enom, jinis kelamin lanang lan wadon, status ekonomis sosial sedhengan lan asor, patuh agama lan ora patuh agama. Jinis kang wis ditempukake kuwi banjur dadi dhasar kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata ing ngisor iki.

4.1.1.1 Lageyane Panutur sajrone TTJ Ditindakake kanthi Blaka Langsung

Jinis lageyane panutur TTJ blaka langsung yaiku janji kang diwedharake panutur marang mitra tutur blaka tanpa abang-abang lambe, tegese blaka mocapake janji. Dene cara kang digunakake yaiku langsung tanpa anane wong katelu minangka sarana panampene janji. Lageyan

kasebut kena daya pangaribawa saka sumber. Sabanjure ditempukake karo struktur sosiale panutur lan sumbere janji. Sumber kasebut yaiku pocapan (verbal) kang arupa panjaluk barang lan panjaluk tumindak. Jinis lageyane panutur TTJ blaka langsung bakal diandharake ing ngisor iki.

1) Tindak Tutur Janji kang Ditindakake Kanthi Cara Blaka Langsung dening Umur Tuwa, Jinis Kelamin Lanang, Status Ekonomi Sosial Sedhengan, Patuh Agama, lan Nduweni Relasi Raket ing Kahanan Ora Resmi Karana Panjaluk Barang

Lageyane panutur kanthi cara blaka langsung ditujokake marang mitra tutur supaya ora salah tampa. Cara blaka dituduhake kanthi maksud kang ora disingidake lan apa anane. Dene lageyan kasebut kena daya pangaribawa saka sumber. Sumber kasebut yaiku pocapan arupa panjaluk barang.

- (1) MT : Pakdhe lak enek wesi ora kanggo peyan omong aku ya
P : Iya Pak Min
MT : suwun pakdhe
Konteks : (UT-JKL-SESS-PA/UT-JKL-SESS-PA-RR:ora resmi)

Tuturan kasebut dituturake dening pawongan kang nduweni umur tuwa, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial sedhengan, patuh agama. Dene mitra tutur nduweni umur tuwa, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial asor, patuh agama. Sesambungan antarane panutur lan mitra tutur yaiku relasi raket. Dene kahanan sosiale yaiku ora resmi.

Tuturan (1) ditindakake dening panutur nalika mitra tutur nakokake wesi marang panutur. Panutur janji jalaran panjaluke mitra tutur arupa wesi, mula kalebu sumber pocapan arupa panjaluk barang. Tata cara medharake TTJ kang digunakake yaiku blaka. Tata cara blaka dituduhake kanthi maksud kang ora disingidake lan apa anane. Panutur nindakake janji kanthi mocapake 'iya Pak Min'. Tembung 'iya' minangka panandha TTJ, yen dijembarake bakal dadi ukara 'iya mengko dakomongi'. Ukara kang wis dijembarake kasebut dadi ukara tandang. Tembung 'Pak Min' mujudake sikap santun kang ditindakake panutur marang mitra tutur. Panutur nggunakake cara blaka supaya mitra tutur ora salah tampa. Panutur nindakake TTJ kanthi mardika lan ora sungkan marang mitra tutur. Bab kasebut dijalari karana sesambungane panutur lan mitra tutur raket. Senajan umure panutur luwih dhuwur tinimbang mitra tutur, nanging sajrone norma sosial panutur isih nindakake kesantunan kanthi mocapake tembung 'pak'. Tuturan (1) mujudake tindak tutur janji blaka lan tata cara kang dinggo yaiku langsung. TTJ cara langsung dituduhake tanpa anane wong katelu utawa sarana panampane janji lumantar wong liya.

4.1.1.2 Lageyane Panutur sajrone Tindak Tutur Janji kanthi Ora Blaka Langsung

Jinis lageyane panutur TTJ ora blaka langsung yaiku janji kang diwedharake panutur marang mitra tutur kanthi maksud kang disingidake. Dene cara kang digunakake yaiku langsung tanpa anane wong katelu minangka sarana panampane janji. Lageyan kasebut kena daya pangaribawa saka sumber. Sabanjure ditempukake karo struktur sosiale panutur lan sumbere janji. Sumber kasebut yaiku pocapan (verbal) kang arupa panjaluk barang lan panjaluk tumindak. Jinis lageyane panutur sajrone TTJ kanthi ora blaka langsung bakal diandharake ing ngisor iki.

2) Tindak Tutur Janji kang Ditindakake kanthi Cara Ora Blaka Langsung dening Umur Tuwa, Jinis Kelamin Lanang, Status Ekonomi Sosial Asor, Patuh Agama lan Nduweni Relasi Raket ing Kahanan Ora Resmi Karana Panjaluk Tumindak

Lageyane panutur kanthi cara ora blaka langsung ditujokake marang mitra tutur. Pamilihe cara ora blaka ditindakake kanthi nggunakake maksud kang disingidake utawa ora apa anane. Biyasane nggunakake tuturan kang luwih alus. Dene lageyan kasebut kena daya pangaribawa saka sumber. Sumber kasebut yaiku pocapan arupa panjaluk tumindak.

- (91) MT : Mas kipas anginku rusak, tulung benakna.
P : isih repot mbak, yen sesuk nganggur
MT : iya wis mas
Konteks : (UT-JKL-SESA-PA/UE-JKW-SESS-OPA-RR : ora resmi)

Tuturan kasebut ditindakake dening panutur kang nduweni umur tuwa, jinis kelamin lanang, status ekonomi sosial asor, patuh agama. Dene mitra tutur nduweni umur enom, jinis kelamin wadon, patuh agama. Sesambungan antarane panutur lan mitra tutur yaiku raket. Dene kahanan sosiale yaiku ora resmi.

Tuturan (91) ditindakake dening panutur nalika mitra tutur njaluk tulung supaya panutur mbenerake kipas angin. Panutur janji jalaran panjaluke mitra tutur arupa mbenerake kipas angin kang rusak, mula kalebu sumber pocapan arupa panjaluk tumindak. Panutur nindakake janji supaya mitra tutur ora kuciwa, mula dheweke gelem nindakake janji supaya mitra tutur seneng lan luwih percaya marang panutur. Tata cara medharake TTJ kang digunakake yaiku ora blaka. Tata cara ora blaka dituduhake kanthi maksud kang disingidake lan ora apa anane. Panutur mocapake 'yen sesuk nganggur', maksud tuturan kasebut dudu ngabari yen sesuk nganggur, nanging panutur janji marang mitra tutur yen sesuk dheweke bisa mbenerake kipas angine mitra tutur. Wujud ukara kasebut yaiku ukara carita. Tembung 'mbak' nuduhake sikap santun panutur marang mitra tutur. Bab kasebut dijalari status ekonomi sosiale panutur luwih cendhek tinimbang mitra tutur. Panutur nindakake TTJ

kanthi mardika lan ora sungkan marang mitra tutur. Bab kasebut dijalari karana sesambungane panutur lan mitra tutur raket. Saliyane bab kasebut umure panutur luwih dhuwur tinimbang mitra tutur. Tutaran (91) mujudake tindak tutur janji ora blaka lan tata cara kang dinggo yaiku langsung. TTJ cara langsung dituduhake ora anane wong katelu utawa sarana panampane janji lumantar wong liya.

Jinis Pananggape Mitra Tutur Sajrone Tindak Tutur Janji

Jinis pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur janji kaperang dadi telung perangan gedhe yaiku nampa, nampik, lan nagih. Saka sakabehe perangan gedhe kasebut disambungake karo konteks sosial. Gabungan saka perangan gedhe lan konteks sosial dadi dhasar kanggo njlentrehake pananggape mitra tutur sajrone TTJ.

4.1.1.2 Nampa

Jinis pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur janji kang nampa ditindakake dening mitra tutur marang panutur. Pananggap nampa bisa dititiki saka tembung, frase, lan ukarane. Biyasane TTJ kang katampa dititiki kanthi tembung 'iya, inggih'. Tembung-tembung kasebut sejatine yaiku ukara, yen dijembarake tembung 'iya' bisa dadi ukara 'iya aku percaya'. TTJ kang ora ditanggepi kanthi pocapan dening mitra tutur bisa diarani yen janji kasebut katampa. Jinis pananggap nampa kasebut banjur disambungake karo konteks sosial. Jlentrehan dhatane kaya ing ngisor iki.

1) Lageyane Panutur Blaka Langsung kang Katampa dening Mitra Tutur kang Umur Tuwa, Jinis Kelamin Wadon, Status Ekonomi Sosial Sedhengan, Patuh Agama, lan Nduweni Relasi Raket ing Kahanan Ora Resmi

Tindak tutur janji kang katampa ditindakake dening mitra tutur marang panutur kang wis nindakake janji. TTJ kang katampa bisa dititiki saka tembung 'iya, inggih, lsp. Mitra tutur kang ora mocapake tembung bisa diarani nampa.

- (2) MT : Pak, sesuk aku nitip arek-arek
P : iya takmonge sesuk
Konteks : (UT-JKL-SESS-PA/UT-JKW-SESS-PA-RR:ora resmi)

Tutaran (2) kalebu tindak tutur janji kang katampa. Senajan mitra tutur ora mocap, nanging bisa diarani nampa amarga sumber janji yaiku saka mitra tutur. Mula saka kuwi tanggapan tanpa pocapan bisa diarani nampa.

4.1.1.3 Nampik

Jinis pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur janji kang nampik ditindakake dening mitra tutur marang panutur. Pananggap nampa bisa dititiki saka tembung,

frase, lan ukarane. Biyasane TTJ kang katampik dititiki kanthi tembung 'ora'. Sabanjure pananggap kang katampik kasebut disambungake karo konteks sosial. Jlentrehan dhatane kaya ing ngisor iki.

2) Lageyane Panutur Blaka Langsung kang Katampik dening Mitra Tutur kang Umur Enom, Jinis Kelamin Lanang, Status Ekonomi Sosial Asor, Ora Patuh Agama, lan Nduweni Relasi Sosial Raket ing Kahanan Ora Resmi

Tindak tutur janji kang katampik dening mitra tutur ditindakake kanggo nanggapi panutur. lumrahe mitra tutur kang nampik nggunakake tembung 'ora,' sajrone pocapane.

- (32) M : enek rokok mas?
P : rokokmu entek ta?
M : iya mas
P : sik takjalukne neng Pake
M : ora wis mas, engko takjaluke dhewe
Konteks : (UE-JKL-SESA-OPA/UE-JKL-SESA-OPA-RR : ora resmi)

Tutaran (32) kalebu tindak tutur janji kang katampik. Mitra tutur nampik kanthi pocapan 'ora usah mas'. Mitra tutur nampik jalaran ora pengin ngrepotake panutur. saliyane bab kasebut, mitra tutur kanthi ora langsung dirugekake. Bab kasebut dijalari panutur bakal njalukake rokok mitra tutur marang bapake lan uga maratuwane mitra tutur. Mulane mitra tutur nampik jalaran sungkan marang maratuwane. Mitra tutur nampik kanthi cara kang alus supaya ora ndadekake kuciwane panutur.

4.1.1.4 Nagih

Jinis pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur janji kang nagih ditindakake dening mitra tutur marang panutur. mitra tutur kang nagih marang panutur mesthi wis tau dijanjeni panutur, nanging ora ditindakake. Mula, mitra tutur kang ngrasa dirugekake lumrahe nagih marang panutur. Sabanjure pananggap kang nagih kasebut disambungake karo konteks sosial. Jlentrehan dhatane kaya ing ngisor iki.

3) Lageyane Panutur Blaka Langsung kang Katagih dening Mitra Tutur kang Umur Tuwa, Jinis Kelamin Wadon, Status Ekonomi Sosial Sedhengan, Patuh Agama, lan Nduweni Relasi Sosial Raket ing Kahanan Ora Resmi

Tindak tutur janji kang katampa dening mitra tutur ditindakake kanggo nanggapi panutur. lumrahe mitra tutur kang dijanjeni bakal nagih yen janji kang dipocapake panutur ora ditindakake.

- (53) M : Dhik Hermin, piye sampeyan nggawa gas kae? Kok urung mbayar? Sampeyan mbayar kapan?
 P : Sik, ngenteni dhuwit teka anakku.
 M : Ow, iya.
 Konteks : (UT-JKW-SESS-OPA/UT-JKW-SESS-RR :ora resmi)

Tuturan (53) kalebu tindak tutur janji kang katagih. Mitra tutur nagih marang panutur jalaran panutur ora nindakake janjine. Mitra tutur minangka pawongan kang dijanjeni rumangsa rugi, mula dheweke nagih marang panutur. Mitra tutur nagih kanthi cara mardika. Bab kasebut dijalari sesambungane mitra tutur lan panutur raket. Saliyane iku umur lan status ekonomi sosiale mitra tutur padha karo panutur.

Asil lan Dhiskusi Panliten

Adhedhasar andharan lan jlentrehan ing ndhuwur jinise TTJ kaperang dadi loro yaiku lageyane panutur lan pananggape mitra tutur. Adhedhasar jinis lageyane panutur ditemokake blaka langsung lan ora blaka langsung. Dene saka jinis pananggape mitra tutur ditemokake nampa, nampik, lan nagih. Lageyane panutur sajrone TTJ kena daya pangaribawane sumber. Sumber kasebut asale saka mitra tutur. Sumber kasebut awujud pocapan arupa panjaluk. Panjaluk kasebut arupa panjaluk barang lan panjaluk tumindak. Anane sumber kasebut kang ndadekake pawongan mocapake janji. Bab kasebut padha karo panliten sadurunge kang ngandharake yen sumber menehi daya pangaribawa tumrap lageyane panutur yaiku panliten kang ditindakake dening Wijoyanto (2014). Nanging sumber TTJ iki beda karo panliten sadurunge, sumber TTJ iki dumadi saka asil pocapan (asipat verbal). Saka sumber kasebut ditemokake lageyane panutur yaiku blaka langsung lan ora blaka langsung.

Lageyane panutur tata cara blaka langsung luwih kerep ditindakake dening bebrayan. Jinis lageyan iki kerep ditindakake dening pawongan kang nduweni umur enom lan tuwa, jinis kelamin lanang lan wadon, status ekonomi sosial sedhengan lan asor, pawongan kang patuh agama lan ora patuh agama. Pawongan kang patuh agama luwih kerep nindakake janji kanthi jinis iki. Bab kasebut bisa dijalari pawongan kang patuh agama luwih nduweni keyakinan kanggo nindakake pocapane. Jinis lageyan iki kerep ditindakake dening pawongan kang nduweni relasi raket lan ora raket. Pawongan kang patuh agama nduweni titikan sajrone pocapane, biyasane pawongan kasebut nggunakake pocapan 'insyaAllah', pocapan kasebut mujudake cara janjine blaka langsung pawongan kang patuh agama. Pawongan kang nduweni relasi raket nindakake jinis lageyan iki kanthi mardika lan tanpa sungkan. Bab kasebut jumbuh karo panemune Chaer (2010:69) yen saya cedhak sesambungan sosial antarane panutur lan mitratutur mula saya kurang santun tuturan kasebut. Pawongan kang nduweni relasi ora raket mesthi milih nggunakake cara blaka langsung. Bab kasebut dijalari amarga cara langsung luwih bisa

mahanani mitra tutur. Pawongan kang nduweni relasi ora raket mesthi anggone medharake TTJ kanthi ora mardika. Bab kasebut bisa dideleng saka basa kang digunakake yaiku basa krama utawa ngoko alus.

Jinise pananggape mitra tutur diperang dadi telu yaiku nampa, nampik, lan nagih. Saka sakabehe jlentrehan dhata ditemokake yen janji kang ditindakake kanthi blaka langsung kerep ditampa dening mitra tutur. Senajan pawongan ora nanggapi janji, nanging bisa diarani nampa. Asil kasebut jumbuh karo panemune Ibrahim (1993:34) ora anane tanggapan kanthi eksplisit bisa diarani nampa. Arang banget ditemokake janji kang katampik dening mitra tutur. Bab kasebut bisa dumadi yen janji kang dipocapake panutur ngrugekake mitra tutur, mulane mitra tutur luwih milih nampik janjine tinimbang dheweke dirugekake. Dene pananggape mitra tutur kang nagih kerep ditindakake. Bab kasebut dumadi jalaran akehe pawongan kang mblenjani janji, mitra tutur kang wis dijanjeni bakal ngenteni janji kuwi kalaksanan, yen nganti wancine janji kuwi durung ditindakake ora salah yen mitra tutur nagih. Nalika pawongan kasebut ditagih lan ora bisa nindakake janjine, dheweke bakal janji maneh, lan cara kang dinggo mesthi blaka langsung.

Adhedhasar asil jinis lageyane panutur lan pananggape mitra tutur kang wis ditemokake, banjur jinis kasebut ditemokake. Jinis TTJ kudune ana 12 jinis, nanging kang ditemokake yaiku 4 jinis. Supaya luwih cetha bakal diandharake ing dhaftar ngisor iki.

Tabel 1
Asil Panliten Jinise Tindak Tutur Janji

No.	Lageyane Panutur	Pananggape Mitra Tutur
1.	Blaka Langsung	Katampa
		Katampik
		Katagih
2.	Ora Blaka Langsung	Katampa

Adhedhasar dhaftar ing ndhuwur bisa dingerteni yen jinise tindak tutur janji kang ditindakake dening bebrayan Dhusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan, Kabupaten Jember ana 4 jinis yaiku lageyane panutur blaka langsung kang katampa dening mitra tutur, lageyane panutur blaka langsung kang katampik dening mitra tutur, lageyane panutur blaka langsung kang katagih dening mitra tutur, lan lageyane panutur ora blaka langsung kang katampa dening mitra tutur.

KAPUSTAKAN

- Antunsohono.1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djogjakarta : Penerbitan Soejadi
 Azwar, Saifuddin. 1998. *Metode Penelitian*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
 Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta : Rineka Cipta
 Cummings, Louise. 1999. *Pragmatik sebuah prespektif multidisipliner (Jarwan)*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar

- Djajasudarma, T.Fatimah. 1994. *Wacana pemahaman dan hubungan antar unsure*. Bandung : PT Eresco
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1992. *Panduan Penelitian Etnografi Komunikasi*. Surabaya : Usaha Nasional
- Ibrahim, Abdul Syukur. 1993. *Kajian tindak tutur*. Surabaya : Usaha Nasional
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta : Rajagrafindo Persada
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta : Tiara wacana
- Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta : Graha Ilmu
- Parera, Jos Daniel. 1990. *Teori Semantik*. Jakarta : Erlangga
- Partana, Paina. 2010. *Pola Tindak Tutur Komisif Berjanji Bahasa Jawa*” dalam *Balai Bahasa* No. 1:81-89.
- Pranowo, Sudaryanto. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta : Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Rahardi, Kunjana. 2003. *BERKENALAN DENGAN ILMU BAHASA PRAGMATIK*. Malang: Dioma
- Santoso, Riyadi. 1999. *Semiotika sosial pandangan terhadap bahasa*. Jawa Tengah : JP Press Pustaka Eurika
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Schiffrin, Deborah. 2007. *Ancangan Kajian Wacana*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar (editor: Abd. Syukur Ibrahim)
- Subagya, Rahmad.2009. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: Unesa University Press.
- Sudaryanto.1986. *Metode Linguistik, Bagian Pertama : Metode dan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta : Gajah Mada University press
- Sudaryanto.1988. *Metode Linguistik, Bagian Kedua : Metode dan Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta : Gajah Mada University press
- Sudaryanto.1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pegnantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta : Duta Wacana University Press
- Sumarsono. 2014. *Pengantar Semantik*.Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa
- Titscher, Stefan. 2009. *Metode Analisis Teks & Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta : Andi Offset